



Rick Scott  
Governor

H. Frank Farmer, Jr., M.D., Ph.D.  
State Surgeon General

Lillian Rivera, RN, MSN, PhD, Administrator

13 Fevrie 2012

Chè Paran,

Depatman Sante Konte Miami-Dade ansanm ak Lekòl Leta Konte Miami-Dade yo ta renmen pran opòtinite sa a pou enfòmasyon w osijè divès vaksen ki disponib pou pitit adolesan ou ki pa obligatwa pou antre lekòl men yo rekòmande anpil pou elèv ki gen menm laj ak pitit ou. Sa ta kapab yon avantaj alavni lè pitit ou pwoteje kont maladi sa yo, pa egzanp pou satisfè egzijans pou admisyon nan kolèj ak nan inivèsite ansanm ak pou pwoteje pitit ou pou li pa transmèt ni li pa vin enfekte ak okenn viris oswa maladi.

Ou ta dwe li rekòmandasyon yo e diskite avèk pedyat pitit ou pou asire w pitit ou pran vaksen sa yo. Si pitit ou pa gen ni pedyat ni asirans sante, Depatman Sante Konte Miami-Dade kapab bay pitit ou vaksen sa yo gratis (jiska 18tan).

Vaksen anti-menengokosik : li anpeche yon bakteri pwopaje ki kapab enfekte san yon moun e koze yon fòm malady menenjit. Maladi sa a gen dwa tiye moun e kapab bay sivivan yo anpil komplikasyon ki pral dire tout lavi yo. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande pou timoun resevwa vaksen sa a lè yo gen 11zan avèk yon dòz rapèl plizyè lane apre sa. Anpil kolèj ak inivèsite egzije pou timoun yo pran vaksen sa a anvan pou yo aksepte enskripsyon yo.

Vaksen kont Papilomaviris (HPV) konseye pou tout moun ki gen ant 9 lane ak 26 lane. Li gen ladann twa (3) dòz vaksen yo ta dwe bay sou yon peryòd sis (6) mwa. Gen de (2) vaksen HPV diferan: yo konn bay yon mak vaksen fi sèlman e li pwoteje yo kont kansè sèvikal, e lòt mak la pou toulede fi ak gason, li pwoteje fi yo kont kansè sèvikal e toude gason ak fi kont bouton (very) jenital.

De (2) lòt vaksen yo rekòmande tou se vaksen kont Epatit A ak rapèl vaksen kont Tetanòs (Tdap). Vaksen Epatit A pwoteje kont viris Epatit A ki kapab enfekte moun nan manje ki enfekte, dlo oswa saliv e li kapab domaje fwa w. Timoun yo dwe resevwa yon dòz rapèl vaksen kont Tdap pou timoun yo rantre nan 7e grad. Enplis, koumanse lane skole 2012/2013, tout timoun ki nan (7e) setièm, (8e) ouitièm, (9e) nevièm, epi tou (10e) dizièm grad dwe pran vaksen kont Tetanòs ak Difteri (TD) e pi yo dwe gen prev keyo te prann. Ti moun kinan 11e ak 12e grad pa bezwen pran dòz rapèl pou Tdap la min lita bon keyo pran n.

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon konsènan avantaj vaksen yo bay ak sekirite, al gade nan <http://www.cdc.gov/vaccines/>. Si pitit ou pa gen pedyat e w ta renmen kontakte sèvis vaksinasyon yo, tanpri rele Depatman Sante Konte Miami-Dade pou pran yon randevou nan 786-845-0550. (Remak : Timoun ki gen plis pase 18tan ki frekante Lekòl Leta nan Konte Miami-Dade elijib tou pou pran vaksen gratis nan Depatman Sante Konte Miami-Dade.)

Avèk senserite,

Reynald Jean, MD, MPH



Reynald Jean, MD, MPH, Acting Director  
Epidemiology, Disease Control and Immunization Services  
Miami-Dade County Health Department  
8600 N.W. 17<sup>th</sup> Street, Suite 200, Miami, Florida 33126  
Tel (305) 470 5660 • Fax (305) 470 5533  
Website: [www.dadehealth.org](http://www.dadehealth.org). Email: [Reynald\\_Jean@doh.state.fl.us](mailto:Reynald_Jean@doh.state.fl.us)

